



# TRIP



# KISA PWOGRAM AMELYORASYON TRANSPÒ A YE?

Pwogram Amelyorasyon Transpò  
a (Transportation Improvement  
Program, TIP) katografye senk ane  
finansman pou pwojè konstriksyon  
nan rejyon Boston nan. Chak  
ane, Òganizasyon Planifikasyon  
Metwopolitèn (Metropolitan  
Planning Organization, MPO)  
Rejyon Boston nan deside kijan  
pou depanse apeprè 110 milyon  
dola nan finansman federal  
(ki rele finansman Sib Federal)  
pou konplete investisman nan  
enfrastrikti transpò lokal yo.

**Minuteman  
Advisory Group  
on Interlocal  
Coordination  
(MAGIC)**

**MetroWest  
Regional  
Collaborative  
(MetroWest)**

**SouthWest  
Advisory  
Planning  
Committee  
(SWAP)**


**North Suburban  
Planning Council  
(NSPC)**

**North Shore  
Task Force  
(NSTF)**

**Inner  
Core  
Committee  
(ICC)**

**South Shore  
Coalition  
(SSC)**

**Three Rivers  
Interlocal Council  
(TRIC)**



\*Community is in more than one subregion: Dover is in TRIC and SWAP; Milton and Needham are in ICC and TRIC.

**97** Cities and towns

— Subregion boundary

■ MPO representative from subregion

■ MPO city or town at-large representative

■ Boston has two permanent MPO representatives

# FINANSMAN PWOJÈ FINANSMAN — TIP



TIP MPO Rejyon Boston nan genyen ladan l:

- Pwojè MPO a priyore ki baze sou pwogram objektif ak investisman MPO yo
- Depatman Transpò Massachussets (Massachusetts Department of Transportation, MassDOT)- te priyore pwojè ki finanse nan nivo federal
- Pwojè transpò piblik pou Otorite Transpò Massachussets Bay (Massachusetts Bay Transportation Authority, MBTA), Otorite Rejyonal pou Transpò an Komen Metwo Lwès (Massachusetts Bay Transportation Authority, MWRTA), ak Otorite Transpò Cape Ann (Cape Ann Transportation Authority, CATA)

MPO a deside ki pwojè pou finanse lè li itilize divès [kritè kantitatif ak kalitatif ki baze sou sis rejoyon objektif MPO yo](#). Kritè sa yo evalye kijan pwojè yo sipòte fon an, amelyore kalite ak lè ak anviwònman an, ogmante sekirite pou diferan modalite yo, fè pwomosyon devlopman ekonomik, amelyore mobilite, epi prezève ak modènize enfrastrikti ki egziste yo. Nòt ki baze sou kritè sa yo ekilibre ak konsiderasyon ki lye ak kategori investisman nan pwojè a, preparasyon pou konstriksyon, ak depans, ak disponiblite finansman an. MPO a te mete ajou kritè li itilize pou evalye pwojè yo resaman. Pou aprann plis sou chanjman sa yo, [vizite sitwèb Kritè Devlopman TIP a \(TIP Criteria Development\)](#).



# KI KALITE PWOJÈ MPO A FINANSE?

MPO a priyorize investisman ki konsantre sou

- konsèvasyon, mentyen ak modènizasyon sistèm transpò a;
- Bay transpò ki sekirize pou tout mwayen yo;
- Amelyore vivabilite, vitalite ekonomik, ak ekite; epi
- Amelyore mobilite nan tout rejyon an.

Pwojè fon investisman sa yo tankou konstriksyon ri konplè, amelyorasyon entèseksyon, ekspansyon chemen itilizasyon pataje, amelyorasyon transpò an komen, ak amelyorasyon enfrastrikti pyete ki aliyen ak vizyon, bi, ak objektif

MPO te etabli nan [Plan Transpò Alontèm \(Long-Range Transportation Plan, LRTP\), Destinasyon 2040 lan.](#)

## Kisa MPO a ye?

MPO yo, oswa òganizasyon planifikasyon metropolitèn, se antite planifikasyon rejyonal ki nesèsè sou plan federal ki angaje reprezantan gouvènman, ofisyèl eli yo, ajans transpò, rezidan ak lòt pati ki konsène yo nan yon pwosesis piblik kolaboratif epi transparan pou



- Devlope yon vizyon nan Plan Transpò Alontèm nan pou transpò milti modal nan rejyon an



- Distribye finansman federal pou pwojè konstriksyon ki sipòte vizyon atravè Pwogram Amelyorasyon Transpò a



- Reyalize planifikasyon transpò miltimodal la nan yon nivo rejyonal nan Pwogram Travay Planifikasyon Inifye a.


# KI KALITE PWOJÈ AK PWOGRAM TIP A FINANSE?

Pwogram Envestisman MPO rejyon Boston nan orante priz desizyon MPO a epi ede minisipalite yo konprann priyorite MPO yo.




## FINISYON RI YO

- Twotwa kontin
- pis siklis
- vwa ki fèt pou bis




## KONEKSYON KOMINOTÈ

- Koneksyon premye ak dènye kilomèt
- oryantasyon




## AMELYORASYON ENTÈSEKSYON YO

- Siyal modènize
- pasaj pyeton pi kout




## MODÈNIZASYON SIKILASYON

- Amelyorasyon estasyon transpò
- rezistans klimatik




## KONEKSYON REZO BISIKLÈT AK PYETON

- Vwa ki gen izaj pataje
- enstalasyon pou bisiklèt



## GWO ENFRASTRIKTI

- Nouvo vwa sikilasyo
- pwojè Finisyon Ri nan gran echèl



Ou ka dekouvri plis sou pwojè ki finanse nan TIP a nan [Baz done pwojè TIP entèaktif MPO a](#).

# KIJAN MPO A DEVLOPE TIP A?

Pou yon pwojè kalifye pou yo mete l nan TIP a, li dwe apwouve pa Komite Revizyon Pwojè MassDOT la. Enfòmasyon sou pwosesis ki disponib sou [sitwèb lansman pwojè MassDOT la](#).

## OKTÒB AK NOVANM

- Anplwaye MPO yo kontakte minisipalite yo pou konfime reprezantan minisipal yo (yo rele tou Kontak TIP yo) k'ap bay minisipalite yo enfòmasyon sou fason pou chèche finansman pou pwojè, ak pou pase enfòmasyon pandan pwosesis TIP a.
- Anplwaye MPO yo reyini kontribisyon ki soti nan kontra TIP yo sou nouvo pwojè ak pwojè yo konsidere pou finansman, yo rekonèt kòm Nivè Pwojè.
- Anplwaye MPO a angaje piblik la pou reyini kontribisyon sou pwojè yo pwopoze yo.

Minisipalite yo soumèt enfòmasyon pwojè pou evalyasyon pwojè MPO yo.

## DESANM

## JANVYE AK FEVRIYE

- Anplwaye MOP yo fini epi pibliye evalyasyon pwojè inisyal yo, epi kontinye rekeyi kontribisyon piblik sou pwojè yo pwopoze yo.
- Minisipalite yo soumèt kòmantè sou evalyasyon pwojè anplwaye yo.
- Anplwaye MPO yo prezante kòmantè sou evalyasyon inisyal yo epi yo mete rezilta yo ajou selon kòmantè minisipal yo.

## MAS

- Konsèy MPO a diskite estati mizajou pwojè TIP yo pwograme nan ane anvan yo pou sè si yo ajou oswa si gen chanjman ki dwe fèt nan pwogramasyon pwojè yo.
- Konsèy MPO a diskite sou rekòmandasyon anplwaye yo pou nouvo pwojè ki pwograme yo epi chwazi yon lis pwojè pou finanse.

Konsèy MPO a vote pou pibliye bouyon TIP a pou peryòd kòmantè piblik 21 jou a.

## AVRIL

## ME

- Anplwaye MPO yo fè sansibilizasyon pou tandè kòmante piblik la sou TIP a.
- Konsèy MPO a apwouve TIP final la nan fen peryòd kòmantè piblik la apre revizyon ak konsiderasyon tout kòmantè.

Anplwaye MOP a kolekte kòmantè sou pwosesis TIP a epi fè pwojeksyon pou prepare pou pwochen sik finansman an.

## JWEN, JIYÈ, OUT AK SEPTANM

# KIJAN MWEN KA ENPLIKE?

Defann pwojè MPO yo nan kominote w la oswa nan rejyon an lè:



OU SOUMÈT YON KÒMANTE

Pibliye yon kòmantè nan fòm kòmantè a sou sitwèb MPO a.

POU RETE ENFÒME

Enskri nan lis imel MPO, a epi swiv nou sou Twitter, Instagram, Facebook, YouTube, ak LinkedIn at @BostonRegionMPO.

PALE AK ANPLWAYE YO

Anplwaye MPO yo patisipe regilyèman nan evènman sansibilizasyon yo. Chèche @BostonRegionMPO sou Twitter ak Instabram, epi vizite kalandriye rankont MPO a pou jwenn yon aktivite ki bon pou ou.

PATISPE NAN RANKONT MPO A

Obsève MPO a an aksyon epi eksprime pwendvi ou nan rankont konsèy ak komite MPO yo. Jwenn avi rankont yo sou Kalandriye rankont MPO.

ENVITE NOU

Kontakte Kate White, Kowòdinatè Sansibilizasyon Piblik nan kwhite@ctps.org oswa 857-702-3658, si ou ta renmen pèsònèl MPO a vizite oswa patisipe nan rankont ou pou diskite sou pwoblèm transpò ki enpòtan pou ou.

REJWENN KONSÈY KONSILTATIF NOU AN

Konsèy Konsiltatif Transpò Rejyonal la (Regional Transportation Advisory Council), yon manm ki ka vote nan MPO a, se yon kò endepandan ki pote pwendvi piblik ak konsèy sou politik ak planifikasyon transpò bay MPO a. Kontakte Matt Archer, Planifikatè Transpò, nant marcher@ctps.org oswa 857-702-3708, pou aprann plis sou kijan pou vin yon manm.



**Matt Genova**

Manadjè Pwogram Amelyorasyon Transpò

[mgenova@ctps.org](mailto:mgenova@ctps.org)

857-702-3702

# Byenveni.

Nou envite ou patisipe nan pwosesis planifikasyon transpò nou an, kèlkeswa ras, koulè, orijin nasyonal (ki enkli moun ki gen nivo metriz anglè ki limite) relijyon, kredo, sèks, zansèt, gwoup etnik, enfimite, laj, sèks, oryantasyon seksyèl, idantite sèks oswa ekspresyon, estati ansyen militan oswa antesedan. Li avi dwa ak pwoteksyon konplè nou yo sou [www.bostonmpo.org/mpo\\_non\\_discrimination](http://www.bostonmpo.org/mpo_non_discrimination).

Pou mande akomodasyon espesyal, oswa si ou bezen enfòmasyon sa yo nan yon lòt lang, kontakte MPO nan 857.702.3700 (voice), 617.570.9193 (TTY) oswa [civilrights@ctps.org](mailto:civilrights@ctps.org) (tanpri akòde 14 jou).



## ESPAÑOL (SPANISH)

Si necesita esta información en otro idioma, por favor contacte la Boston Region MPO al 857.702.3700.

## 简体中文 (SIMPLIFIED CHINESE)

如果需要使用其它语言了解信息，请联系波士顿大都会规划组织 (Boston Region MPO) 《民权法案》第六章专员，电话 857.702.3700.

## 繁體中文 (TRADITIONAL CHINESE)

如果需要使用其他語言瞭解資訊，請聯繫波士頓大都會規劃組織 (Boston Region MPO) 《民權法案》第六章專員，電話 857.702.3700.

## KREYÒL AYISYEN (HAITIAN CREOLE)

Si yon moun vle genyen enfòmasyon sa yo nan yon lòt lang, tanpri kontakte Espesyalis Boston Region MPO Title VI la nan nimewo 857.702.3700.

## PORTUGUÊS (PORTUGUESE)

Caso estas informações sejam necessárias em outro idioma, por favor, contate o MPO da Região de Boston pelo telefone 857.702.3700.